

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab medar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku lima sub-bab, nyaéta (1) desain panalungtikan, (2) lokasi jeung sumber data panalungtikan, (3) instrumén panalungtikan, (4) téknik ngumpulkeun data, jeung (5) téknik nganalisis data.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 175) desain panalungtikan nyaéta rarancang anu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hal anu baris dilakonan. Desain panalungtikan mangrupa prosés anu dipikabutuh pikeun ngararancang panalungtikan sangkan bisa ngagampangkeun nalika ngararancang hiji panalungtikan, ti mimiti nepi ka réngsé. Nurutkeun Sukardi (2013, kc. 68) desain atawa rarancang panalungtikan nyaéta wincikan ngeunaan prosés panalungtikan anu bakal dilaksanakeun ku panalungtik pikeun ngaréngsekeun hiji pasualan.


Dina ieu panalungtikan diperlukeun cara pikeun ngumpulkeun data panalungtikan anu disebut métode panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 203). Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif dipaké pikeun nganalisis objék anu teu bisa diukur atawa diitung ku angka. Pamarekan kualitatif dipaké dina ieu panalungtikan lantaran sipat kualitatif anu leuwih subjéktif. Saperti anu ditétélakeun ku Suyanto (2006, kc. 76) karakteristik kualitatif aya lima nyaéta (1) sipatna induktif, maksudna miboga dadasar logika anu jelas, panalungtikan dimimitian ku ngumpulkeun data, nganalisis nepi ka nyieun kacindekan, (2) maham paripolah manusa dumasar puseur sawangan nu nalungtik, (3) leuwih mentingkeun prosés panalungtikan batan hasil panalungtikan, (4) sipatna humanistis, jeung (5) sagala aspék kahirupan anu aya di masarakat dianggap penting.

Tujuan panalungtikan kualitatif nyaéta meunangkeun bebeneran tina hiji data sacara subjéktif. Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta déskriptif. Métode déskriptif dipaké pikeun ngagambarkeun sacara sistematis sarta akurat. Ieu métode ngainterpretasikeun obyék dumasar kana kaayaan anu sabenerna (Azwar,

2012, kc. 7). Déskriptif teu bisa leupas tina panalungtikan kualitatif lantaran métode déskriptif dianggap bisa ngagambarkeun jeung ngajéntrékeun naon-naon bebeneran anu aya dina panalungtikan.

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan bisa dipidangkeun ku bagan ieu di handap.

### Désain Panalungtikan



**Bagan 3. 1**

## 3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

### 3.2.1 Lokasi Panalungtikan

#### 3.2.1.1 Kaayaan Geografi

Désa Segaran nyaéta salah sahiji désa anu aya di Kecamatan Batujaya Kabupatén Karawang. Sacara geografis, Desa Segaran kaasup wilayah pangkulonna di Kecamatan Batujaya. Lega wilayah Désa Segaran nyaéta 694,072 Ha, sacara astronomis, Désa Segaran aya di antara koordinat 107.179954 BT / - 6.058798 LS.

Désa Segaran miboga wates administratif nyaéta

- 1) Beulah kulon : Désa Segarjaya
- 2) Beulah kidul : Citarum/ Désa Lengahjaya Kab. Bekasi
- 3) Beulah wétan : Désa Batujaya
- 4) Beulah kalér : Désa Teluk Buyung/ Kec. Pakisjaya

#### 3.2.1.2 Pamaréntahan

Dina période 2018-2024, Désa Segaran boga struktur organisasi kieu.

- 1) Kepala Désa : H. Ruslin. HN, SE
- 2) Sekretaris Désa : Wahyu Purnama
- 3) Kepala Seksi Pemerintahan : H. Wiwi Zaenal. A
- 4) Kepala Seksi Ekonomi & Pembangunan : Juanda
- 5) Kepala Seksi ketentraman & ketertiban : Sukron
- 6) Kepala urusan Keuangan : Rudi Suryono
- 7) Kepala urusan Umum : Kosasih
- 8) Kepala Dusun Rawaindah : Taryat
- 9) Kepala Dusun Segaran : Zidawi
- 10) Kepala Dusun Segartanjung : Anton
- 11) Kepala Dusun Sumurjaya : Nurjana

Nurutkeun data ti Désa, aya 4 Rukun Warga (RW) jeung 14 Rukun Tetangga (RT).

### 3.2.1.3 Penduduk

Jumlah penduduk di Désa Segaran dumasar hasil registrasi padumuk tingkat désa taun 2019 nyaéta 9.476 urang, anu ngawengku 4.705 urang lalaki jeung 4.771 urang awéwé.

### 3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Lofland (dina Moleong, 2007, kc. 157), sumber data utama panalungtikan kualitatif museur kana kecap jeung paripolah. Ku kituna dina ieu panalungtikan réspodén utamana nyaéta masarakat Désa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupatén Karawang. Anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nyaéta patani, padagang, aparat désa, tokoh agama (pesantrén), jeung masarakat désa. Kalayan sémpelna nyaéta dua belas urang.

Ari datana diwatesanan ku kandaga kecap nyaéta istilah babagian awak, istilah gaganti ngaran, istilah pancakaki, istilah imah jeung babagianna, istilah usum jeung kaayaan alam, istilah pakéan, istilah pakasaban, istilah sasatoan, istilah tutuwuhan jeung bungbuahan, istilah kagiatan, istilah panyakit, istilah bilangan jeung ukuran.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta sagala hal anu dijadikeun alat sangkan hasil data bisa dijadikeun bukti panalungtikan. Nurutkeun Sudjana (2015, kc. 58) instrumén panalungtikan nyaéta alat keur ngumpulkeun data. Ari Sukardi (2013, kc. 121) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa pakakas pikeun ngumpulkeun data lapangan. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203) instrumén nyaéta pakakas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang jeung meunangkeun hasil anu hadé, hartina leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis sangkan leuwih gampang ngolahna.

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data, angkét, pedoman wawancara jeung alat rékam.

#### 3.3.1 Kartu Data Digital

Dina ieu panalungtikan digunakeun kartu data digital. Ari léngkah-léngkahna saperti ieu di handap;

- 1) nyalin data kandaga kecap kana tabél data,
- 2) nyieun runtuyan data sacara alfabetis ti a-z,

Dessy Nurhabibah, 2020

*BABANDINGAN KANDAGA KECAP TRIBASA (SUNDA, JAWA, MELAYU) DI DÉSA SEGARAN KECAMATAN JAYAKERTA KABUPATÉN KARAWANG*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3) méré nomer kode runtuyan data kandaga kecap.

Kartu data dipaké pikeun nyatet data anu mangrupa kecap. Kartu data mantuan panalungtik dina nataan kandaga kecap saluyu jeung sumber sarta ma'nana.

**Tabél 3. 1**  
**Kartu Data Digital**

No	Data Kandaga Kecap	Kode Data

**Tabél 3. 2**  
**Instrumén Ngolah Data**

No	Kode	Kandaga Kecap Asal	Kecap			Ma'na			
			BS	BJ	BM	Wangun jeung ma'na sarua	Wangun mirip ma'na sarua (sawanda)	Wangun sarua tapi béda ma'na (homonim)	Wangun béda tapi ma'na sarua (sinonim)
1	001	Alis	Halis	Alis	Alis		√		
2	002	Dada	Dada	Dada	Dada	√			
Jst.									

Keterangan: BS = Basa Sunda  
BJ = Basa Jawa  
BM = Basa Melayu

### 3.3.2 Angkét

Format angkét digunakeun pikeun ngumpulkeun data ti informan ngeunaan riwayat hirupna. Format angkét informan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta dumasar kana format angkét informan ti Zulaeha (2010, kc. 97).

**Tabél 3. 3**  
**Data Informan**

(1)	(2)	(3)
1	Wasta	
2	Wanda baga	
3	Tempat gumelar	
4	Umur	
5	Atikan	
6	Pakasaban	
7	Cicing di ieu tempat ti taun	
8	Asal kolot ti	
9	Basa indung	
10	Basa séjén nu dicangkem	
11	Dipaké dina kasempetan	
12	Kalungguhan di masarakat	

### 3.3.3 Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara dina ieu panalungtikan dipaké pikeun ngumpulkeun sajumlahing kecap-kecap tribasa (Sunda, Jawa, Melayu) di Désa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupatén Karawang. Eusina mangrupa daftar pananya ngeunaan kecap-kecap nu patali jeung (1) istilah babagian awak, (2) istilah gaganti ngaran, (3) istilah pancakaki, (4) istilah imah jeung babagianna, (5) istilah usum

Dessy Nurhabibah, 2020

*BABANDINGAN KANDAGA KECAP TRIBASA (SUNDA, JAWA, MELAYU) DI DÉSA SEGARAN KECAMATAN JAYAKARTA KABUPATÉN KARAWANG*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung kaayaan alam, (6) istilah pakéan, (7) istilah pakasaban, (8) istilah sasatoan, (9) istilah tutuwuhan jeung bungbuahan, (10) istilah kagiatan, (11) istilah panyakit, jeung (12) istilah bilangan jeung ukuran.

**Tabél 3. 4**  
**Pedoman Wawancara**

No	Kode Data	Kandaga kecap (BI)	Tribasa		
			BS	BJ	BM
a. babagian awak					
1	009	alis			
2	037	bahu			
3	070	betis			
4	071	bibir			
b. sesebutan ka jalema					
71	114	dia			
72	192	kami			
73	194	kamu			
74	212	kita			

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ratna (2010, kc. 209) nétélakeun yén téhnik mangrupa akar kecap tina tékhnikos (Yunani) anu hartina alat atawa seni ngagunakeun alat. Dina ieu panalungtikan aya tilu téknik anu dipaké pikeun meunangkeun data panalungtikan, nyaéta téhnik obsérvasi, téhnik wawancara.

#### 3.4.1 Téhnik Observasi

Téhnik observasi mangrupa téhnik dasar panalungtikan. Observasi méré pituduh pikeun nyatet jeung ngarekam sakabéh data sarta digunakeun pikeun niténan kaayaan jeung hal anu dijadikeun sumber data sacara sistematis. Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina téhnik obsérvasi, nyaéta;

- nyieun pedoman obsérvasi,
- ngalaksanakeun obsérvasi ka lapangan,
- niténan langsung kaayaan masarakat Désa Segaran,
- kaayaan masarakat diasupkeun kana naon-naon anu aya dina pedoman obsérvasi.

### 3.4.2 Téhnik Angkét

Téhnik angkét mangrupa téhnik anu patali jeung kumpulan patalékan-patalékan nu digunakeun pikeun meunangkeun informasi ti réspodén. Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina téhnik angkét, nyaéta;

- a. nyieun pedoman angkét,
- b. nyusun daftar patalékan sacara alfabetis ti a-z,
- c. nyalin jawaban anu dipibeunang ti narasumber.

### 3.4.3 Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara, nyaéta téhnik anu dipaké pikeun meunangkeun data ku cara nyanghareupan langsung, ngobrol, boh antar individu boh jeung kelompok. Tujuan wawancara nyaéta pikeun ngumpulkeun data ti para nara sumber ngeunaan kandaga kecap tribasa (Sunda, Jawa, Melayu) di Désa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupatén Karawang. Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina téhnik wawancara, nyaéta;

- a. nyieun pedoman wawancara,
- b. nyusun daftar pertanyaan,
- c. néangan narasumber pikeun meunangkeun informasi ku cara wawancara,
- d. nulis jawaban anu dipibeunang ti narasumber.

Dumasar tilu téhnik di luhur, ngumpulkeun data dilaksanakeun ku léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. ngalaksanakeun obsérvasi ka lapangan,
- b. nyusun daftar patalékan sacara alfabetis ti a-z,
- c. néangan narasumber pikeun meunangkeun informasi ku cara wawancara,
- d. nulis jawaban anu dipibeunang ti narasumber.

### 3.5 Téhnik Nganalisis Data

Dina ieu panalungtikan téhnik nganalisis data anu dipaké nyaéta téhnik analisis kintrastif. Analisis kontrastif miboga dua aspék penting, nyaéta hakékat linguistik kontrastif jeung analisis linguistik kontrastif.

Linguistik kontrastif mangrupa élmu basa anu ngulik ngeunaan bédana, sasaruuan katut pakuat-pakaitna dua basa atawa leuwih. Kridalaksana (2009, kc. 15) nétélakeun linguistik kontrastif nyaéta métode sinkronis dina analisis basa

Dessy Nurhabibah, 2020

*BABANDINGAN KANDAGA KECAP TRIBASA (SUNDA, JAWA, MELAYU) DI DÉSA SEGARAN KECAMATAN JAYAKARTA KABUPATÉN KARAWANG*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



pikeun nunjukeun sasaruuan jeung bédana basa-basa atawa dialék-dialék pikeun néangan prinsip nu bisa diterapkeun dina masalah praktis saperti pangajaran basa jeung panerjemahan. Salian ti éta, kontrasif mangrupa hiji cara nu digunakeun pikeun nganalisis basa dina kurun waktu nu tangtu. Linguistik kontrasif diwatesan ku basa dina période-période atawa hiji zaman nu tangtu (Pateda, 1994, kc. 48).

Dumasar kana dua wangenan di luhur, bisa dicindekkeun yén linguistik kontrasif boga dua ciri, nyaéta (1) ngabandingkeun dua basa atawa leuwih sacara sinkronis (hiji kurun waktu nu tangtu) jeung (2) néangan sasaruuan jeung bédana dua basa atawa leuwih. Objék dina panalungtikan linguistik kontrasif mangrupa babandingan basa jeung dialék.

Dina linguistik kontrasif digunakeun téhnik analisis kontrasif nyaéta hiji cara nu digunakeun pikeun neangan hiji bébédaan antara basa kahiji jeung basa kadua. Nurutkeun Nur (2016) yén analisis kontrasif téh miboga tujuan ngaidéntifikasi segi-segi bébédaan nu kontras antara dua basa atawa leuwih anu dibandingkeun. Sedengkeun Mutafariha (2015, kc. 31) nétélakeun sacara umum analisis kontrasif bisa dipikapaham salaku bahasan atawa uraian. Anu dimaksud bahasan nyaéta prosés atawa cara ngabahas anu tujuanna pikeun mikanyaho jeung meunangkeun inti masalah. Éta masalah tuluy dibahas, dikritik, diulas nu ahirna dicindekkeun.

Sanggeus data kandaga kecap dikumpulkeun saterusna diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- a. Titéan data anu geus dikumpulkeun.
- b. Ngaruntuykeun data sacara alfabetis.
- c. Méré nomer kode data babandingan Tribasa.
- d. Nyieun papasingan kandaga kecap nurutkeun wangun, aspék jeung babandingan struktur léksikal Tribasa.
- e. Nganalisis babandingan kandaga kecap Tribasa nu aya di Desa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupaten Karawang.
- f. Ngadéskripsikeun babandingan kandaga kecap Tribasa nu aya di Desa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupaten Karawang.
- g. Nyieun kacindekan ngeunaan kandaga kecap Tribasa nu aya di Desa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupaten Karawang.